

DEKLARASYON ENFÒMASYON SOU VAKSEN

Vaksen kont Nemokosik Miks: Sa ou Dwe Konnen

Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Genyen plizyè deklarasyon enfòmasyon sou vaksen an ki disponib nan lang panyòl ak lòt lang yo. Gade sou www.immunize.org/vis

1. Poukisa pou pran vaksen?

Vaksen kont Nemokosik Miks kapab anpeche maladi nemokosik.

Maladi Nemokosik fè referans ak tout maladi akteri nemokosik lan lakòz Bakteri sa yo kapab bay plizyè maladi, tankou nemoni, ki se yon enfeksyon nan poumon yo. Bakteri nemokosik lan se youn nan koz ki plis kouran ki lakòz moun fè nemoni.

Apa nemoni, bateri nemokosik lan kapab lakòz tou:

- Enfeksyon nan zòrèy
- Enfeksyon sinizit
- Menenjit (se yon enfeksyon likid ki nan sèvo ak mwèl epinyè a).
- Bakteryòz (enfeksyon nan san)
- Tout moun kapab pran maladi nemokosik lan, men timoun ki gen mwens pase de (2) lane, moun ki gen kèk pwoblèm medikal oswa lòt faktè risk, ak granmoun ki gen 65 lane oswa plis yo gen plis risk pou pran li.

Majorite enfeksyon nemokosik yo pa grav. Sepandan, kèk ladan yo kapab bay pwoblèm alontèm, tankou domaj nan sèvo oswa pèt odisyon. Menenjit, bakteryòz, ak nemoni maladi nemokosik lakòz yo kapab touye ou.

2. Vaksen kont Nemokosik Miks

Vaksen kont Nemokosik Miks ede pwoteje kont bakteri ki lakòz maladi nemokosik. Genyen twa (3) vaksen kont Nemokosik Miks (PCV13, PCV15, and PCV20). Yo rekòmande vaksen diferan bay diferan moun selon laj yo ak kondisyon medikal yo.

PCV13

- **Tibebe ak jèn timoun yo** jeneralman bezwen kat (4) dòz PCV13, apati 2, 4, 6, ak 12–15 mwa.
- **Timoun ki pi gran yo (apati 59 mwa)** kapab vaksinen ak PCV13 si yo pa te resevwa dòz ki rekòmande yo.
- **Timoun ak adolesan ki genyen ant 6–18 ane yo** ki gen kèk pwoblèm medikal yo dwe pran yon sèl dòz PCV13 si yo poko janm resevwa PCV13.

PCV15 oswa PCV20

- **Granmoun ki genyen 19 jiska 64 lane yo** ki gen kèk pwoblèm medikal oswa òt faktè risk ki poko janm resevwa yon vaksen nemokosik miks dwe pran menm:
 - yon sèl dòz PCV15 ansanm ak yon dòz nemokosik polisakarid (PPSV23), oswa
 - yon sèl dòz PCV20.
- **Granmoun 65 lane oswa pi gran** ki poko janm resevwa yon vaksen kont Nemokosik Miks wè resevwa menm:
 - yon sèl dòz PCV15 ansanm ak yon dòz nemokosik PPSV23, oswa
 - yon sèl dòz PCV20.

Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè yo rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistreman an.



U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

3. Diskite ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an

Di founisè vaksinasyon ou an si moun lan ap pran vaksen an:

- Gen yon **reyaksyon alèjik apre yon ansyen dòz tout kalite vaksen nemokosik miks (PCV13, PCV15, PCV20, oswa yon premye vaksen nemokosik miks yo rele PCV7), oswa ak tout vaksen ki gen toksoyid difteri** (pa egzanp, DTaP), oswa tout **alèji grav, ki menase lavi**

Nan kèk ka, pwofesyonèl swen sante ou an kapab deside pou ranvwaye vaksinasyon kont nemokosik miks lan pou yon lòt vizit.

Moun ki pa twò malad oswa ki malad anpil yo, tankou yon rim, kapab pran vaksen an. Moun ki pa twò malad oswa malad anpil yo jeneralman dwe rete tann jiskaske yo geri.

Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.

4. Risk reyaksyon ak yon vaksen

- Reyaksyon alèjik, anfle, doulè, oswa kote yo bay vaksen an vin rèd, epi lafyèv, pèt apeti, an chimerik (è kòlè), santi fatig, maltèt, doulè nan misk, doulè nan jwenti, epi ka santi frison aprè vaksinasyon nemokosik miks lan.

Timoun ki pi piti yo kapab genyen gwo risk pou gen kriz lafyèv aprè yo fin bay yo PCV13 si se an menm ak vaksen kont Grip Dezaktive (Inaktif) an yo bay yo li. Mande pwofesyonèl swen sante ou an. plis enfòmasyon.

Pafwa genyen moun ki endispoze aprè pwosedi medikal yo, menm vaksinasyon ladan li. Di pwofesyonèl swen sante ou an sa si w santi pa byen oswa genyen chanjman an chan vizyon ou oswa zòrèy ou ap bouyi.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon risk ki fèb anpil pou yon vaksen lakòz gwo reyaksyon alèjik, lòt blesi ki grav, oswa lanmò.

DCH-0955HC AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.

Haitian Creole Translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health, Immunization Program

Vaccine Information Statement (Interim)
Pneumococcal Conjugate Vaccine

5. Kisa k ap pase si genyen yon pwoblèm ki grav?

Yon reyaksyon alèjik kapab parèt aprè moun ki vaksinen an kite lopital lan. Si w konstate yon reyaksyon alèjik ki grav (itikè, figi ak gòj ki anfle, gen difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, oswa feblès), rele **9-1-1** epi ale ak moun lan nan lopital ki prè a.

Pou lòt siy ki ba ou kèk enkyetid, rele pwofesyonèl swen sante ou an.

Ou dwe deklare reyaksyon efè negatif yo nan Sistèm Notifikasyon Efè Negatif Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Pwofesyonèl swen sante ou an jeneralman pral depoze rapò sa a, oswa ou kapab fè sa a pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS lan sou www.vaers.hhs.gov oswa rele nan **1-800-822-7967**. *VAERS sèlman la pou rapòte reyaksyon yo, epi manm ekip VAERS yo pa bay konsèy medikal.*

6. Pwogram Nasyonal Konpansasyon Viktim Vaksen yo (The National Vaccine Injury Compensation Program)

Pwogram Nasyonal Konpansasyon viktim Vaksen yo (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo kreye pou bay moun kèk vaksen ba yo pwoblèm rekonpans. Reklamasyon konsènan blesi oswa lanmò vaksen an lakòz genyen yon kantite tan pou fè depo a, ki kapab soumèt nan yon delè de (2) lane. Vizite sitwèb VICP lan sou www.hrsa.gov/vaccinecompensation oswa rele nan **1-800-338-2382** pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan epi konsènan fason pou depoze yon reklamasyon.

7. Kijan pou jwenn plis enfòmasyon?

- Mande pwofesyonèl swen sante ou an.
- Rele depatman sante ki nan rejyon ou an oswa eta ou an.
- Vizite sitwèb Administrasyon Mediaman ak Alimantasyon (Food and Drug Administration, FDA) pou fich vaksinasyon ak lòt enfòmasyon sou www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines.
- Kontakte Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention (CDC):
 - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
 - Vizite sitwèb CDC sou www.cdc.gov/vaccines.

42 U.S.C. § 300aa-26

2/4/2022

POU UTILIZE
NAN BIWO
SÈLMAN